



# Social Security

## Sa Ou Dwe Konnen Lè W ap Resevwa Benefis pou Retrèt Oswa Benefis Sivivan

2009

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

## Kontakte Sekirite Sosyal

### Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou kèk nan benefis yo;
- JWENN adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Chanje adrès ou;
- Aplike pou yon modpas pou w kapab tcheke benefis ou oswa pou w kapab chanje depo dirèk ou;
- JWENN yon kat Medicare pou ranplase sa ou te genyen an;
- Oswa yon lèt pou verifeye kantite lajan benefis ou; epi
- JWENN kopi piblikasyon nou yo.

Genyen kèk nan sèvis sa yo ki disponib nan lang Angle sèlman. Pou vizite seksyon ki nan lang Kreyòl nou a, tanpri ale nan wèbsayt nou [www.socialsecurity.gov/multilanguage](http://www.socialsecurity.gov/multilanguage) sou entènèt la, epi chwazi “Haitian-Creole”.

### Rele nimewo gratis nou

Anplis sit wèb nou, ou kapab rele nou gratis nan **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik de 7è a.m. rive 7è p.m., Lendi a Vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Epi tou nou founi enfòmasyon nan telefòn otomatik 24è sou 24. (Ou kapab sèvi ak sistèm repons automatik nou pou di nou yon nouvo adrès oswa pou mande yon lòt kat Medicare ranplasman). Si ou pa kapab tande oswa ou malantandan, ou kapab rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire tou ou resevwa sèvis egzat ak koutwa. Se pou rezon sa a nou genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

## **Ki sa ki andedan**

<b>Entwodiksyon.....</b>	<b>4</b>
<b>Konsènan benefis ou .....</b>	<b>4</b>
<b>Sèvis nou ofri yo. ....</b>	<b>6</b>
<b>Sa ou dwe rapòte ban nou .....</b>	<b>7</b>
<b>Travay epi resevwa Sekirite Sosyal anmenmtan .....</b>	<b>13</b>
<b>Lòt enfòmasyon enpòtan .....</b>	<b>17</b>
<b>Yon ti mo sou Medicare.....</b>	<b>20</b>

## Entwodiksyon

Tiliv enfòmasyon sa a eksplike kèk nan dwa ak responsablite ou genyen lè w ap resevwa benefis pou retrèt oswa benefis sivivan. Nou sijere pou w pran yon ti tan kounye a pou li tiliv sa a epi pou sere li yon kote ki an sekirite pou w kapab al ladan alavni. Si w ap resevwa peman Revni Sekirite Sipleman (SSI) tou, mande *What You Need To Know When You Get Supplemental Security Income (SSI)* (Piblikasyon nimewo 05-11011).

## Konsènan benefis ou

### Kilè ak kouman peman benefis ou yo fèt

Peman benefis Sekirite Sosyal fèt chak mwa nan mwa ki vini apre mwa peman an dwe fèt; pa egzanp, ou ap resevwa benefis mwa Jiyè ou nan mwa Out. Anjeneral, jou nan mwa ou resevwa peman benefis yo depann de dat nesans moun ki gen dosye salè epi ki pèmèt ou ap resevwa benefis yo. Pa egzanp, si w ap resevwa benefis antan yon travayè ki retirete, n ap detèmine benefis ou dapre dat ou fèt. Si w ap resevwa benefis dapre travay mari oswa madanm ou, n ap detèmine dat peman benefis a dapre dat nesans mari oswa madanm ou.

Dat nesans	Benefits ki peye chak mwa nan jou sa yo
1 <sup>ye</sup> – 10 <sup>yèm</sup>	Dezyèm Mèkredi
11 <sup>yèm</sup> - 20 <sup>yèm</sup>	Twazyèm Mèkredi
21 <sup>yèm</sup> - 31 <sup>yèm</sup>	Katriyèm Mèkredi

Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ak benefis SSI alafwa, peman Sekirite Sosyal ou ap rive nan twazyèm mwa a epi peman SSI ou ap rive nan premye mwa a.

### Depo dirèk

Si w pa t enskri non ou pou depo dirèk lè w te aplike pou benefis yo, nou ankouraje w pou fè sa kounye a.

Depo dirèk se yon fason ki senp, garanti ak pwoteje pou resevwa benefis ou. Kontakte bank ou pou yo ede w enskri non ou. Oswa ou kapab enskri non ou pou depo dirèk depi w kontakte nou.

Si w pa gen kont labank, ou kapab enskri nan pwogram kat Direct Express® la. Grasa Direct Express®, peman federal yo gen dwa depoze dirèkteman sou kont ki vini ak kat sa a. Li rapid e fasil pou enskri pou kat sa a. Rele nimewo gratis Direct Express® la nan **1-877-212-9991**. Enskri w depi koulye a nan **[www.USDirectExpress.com](http://www.USDirectExpress.com)**. Sekirite Sosyal la gen dwa ede w enskri tou. Oswa petèt li ta pibon pou w si ou te louvri yon Kont Transfè Elektwonik. Kont sa a ki pa chè epi ki gen asirans federal ap pèmèt ou jwi pwoteksyon, sekirite ak itilize peman otomatik yo. Ou kapab kontakte nou oswa ou kapab ale sou sit wèb nou nan **[www.eta-find.gov](http://www.eta-find.gov)** pou jwenn enfòmasyon sou pwogram sa a, oswa pou jwenn yon bank, epay ak prè oswa koperativ toupre ou ki ofri kont sa a.

## **Si w resevwa chèk ou yo pa lapòs**

Pou evite pwoblèm, ou ta dwe chanje chèk ou oswa depoze li imedyatman apre w fin resevwa li. Ou pa ta dwe siyen chèk ou touttan ou pa rive kote w ap chanje li a. Si w siyen chèk la davans epi ou pèdi li, moun ki jwenn li kapab chanje li.

Ou dwe chanje yon chèk gouvènman nan mwens pase 12 mwa ki vini apre dat ou resevwa chèk la oswa y ap anile chèk la. Apre yon lane, si w toujou gen dwa pou resevwa peman an, n ap ranplase chèk ki anile a.

## **Si chèk ou pèdi oswa disparèt**

Si w pa resevwa chèk ou nan dat ou ta dwe jwenn li, rete tann twa (3) jou anvan w fè nou konnen chèk ou disparèt. Rezon ki pi komen pou w resevwa chèk ou anreta se paske ou pa t rapòte yon chanjman nan adrès ou.

Si chèk ou menm pèdi oswa si yo vòlè chèk ou, kontakte nou imedyatman. Nou kapab ranplase chèk ou, men sa pran tan.

Retounen benefis ou resevwa anvan lè

Si w resevwa yon chèk epi ou konnen se pa lè pou ta resevwa chèk la, retounen chèk la nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal oswa retounen chèk la nan Depatman Trezò Ameriken nan adrès ki sou

anvlòp chèk la. Ou ta dwe ekri VOID nan pati devan chèk la epi ajoute yon nòt ki endike ki rezon ki fè w voye chèk la retounen. Si w aksepte peman volontèman ki pa nan dat pou w ta resevwa, ou kapab jwenn akizasyon kriminèl.

## **Peman taks sou benefis ou**

Apeprè yon tyè (1/3) moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal dwe peye taks sou benefis yo. W ap gen pou peye taks sou benefis ou yo si w ranpli fòm taks federal ou “apa”, epi revni total ou pi plis pase \$25,000. Si w ranpli fòm taks ou an komen, w ap gen pou peye taks si ou menm ak mari oswa madanm ou genyen yon revni total ki pi plis pase \$32,000. Si w marye epi ou ranpli fòm taks ou apa, w ap pètèt peye taks sou benefis ou.

Pou fè yo kenbe taks federal yo, ou kapab jwenn yon Fòm W-4V nan Sèvis Internal Revenue depi w rele gratis nan nimewo **1-800-829-3676**, oswa depi w ale sou sit wèb nou. Apre w fin ranpli ak siyen fòm lan, retounen li nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou pa lapòs oswa ale nan biwo a an pèsòn.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Internal Revenue gratis nan nimewo **1-800-829-3676**, pou mande Piblikasyon 554, *Tax Guide for Seniors (Gid fiskal pou senyò)*, ak Piblikasyon 915, *Social Security and Equivalent Railroad Retirement Benefits (Sekirite Sosyal ak Benefis ekivalan pou retrèt anplwaye chemen dfè.)*

## **Sèvis nou ofri yo.**

### **Sèvis Sekirite Sosyal gratis**

Kèk biznis ap fè reklam pou fè konnen yo kapab chanje non oswa kat Sekirite Sosyal pou yon frè. Se Sekirite Sosyal ki founi sèvis sa yo, kidonk ou pa gen okenn frè pou peye pou yon sèvis ki gratis. Rele nou oswa ale sou sit wèb nou anvan. Sekirite Sosyal se pi bon kote pou jwenn enfòmasyon sou Sekirite Sosyal.

### **Mizajou nan enfòmasyon yo**

Detanzantan, n ap voye enfòmasyon enpòtan ba ou sou benefis Sekirite Sosyal, tankou:

- **Ajisteman koudlavi**

Chak mwa Janvyè, benefis ou yo ap ogmante otomatikman si koudlavi a ogmante. Si w ap resevwa benefis ou yo sou fòm depo

dirèk, n ap fè w konnen nouvo kantite lajan an davans. Si w ap resevwa benefis yo an chèk, n ap ajoute yon avi pou eksplike ajisteman koudlavi a avèk chèk ou.

- **Limit salè anyèl**

Si w poko gen laj konplè pou pran retrèt, genyen yon limit nan kantite lajan ou kapab touche epi pou w toujou resevwa tout benefis Sekirite Sosyal ou. Kantite lajan sa a ogmante chak ane. N ap fè w konnen nouvo kantite lajan an davans. Pou jwenn plis enfòmasyon, avèk tou limit ane 2009 la, al gade paj 13.

## **Fason n ap kontakte ou**

Anjeneral, nou voye yon lèt oswa yon avi ba ou pa lapòs lè nou vle kontakte ou, men pafwa yon anplwaye Sekirite Sosyal kapab vini lakay ou. Anplwaye nou an ap montre w pyès idantifikasyon li anvan li pale osijè benefis ou yo. Si w ta pa kwè yon moun ki fè w konnen li se yon anplwaye Sekirite Sosyal, rele biwo Sekirite Sosyal pou mande si yo te voye yon moun vin wè ou. Epitou sonje, anplwaye Sekirite Sosyal p ap janm mande w lajan pou fè yon bagay pou ou.

## **Sa ou dwe rapòte ban nou**

### **Responsablite ou**

Li enpòtan pou fè nou konnen imedyatman kèlkeswa lè ou gen youn nan chanjman ki nan lis ki sou paj 7-13.

**REMAK:** *Si w pa rapòte yon chanjman, sa kapab lakòz ou resevwa plis lajan. Si w ta resevwa plis lajan, n ap fè w remèt nenpòt lajan ki pa pou ou. Epitou, si w pa rapòte chanjman yo nan moman apwopriye oswa si w fè fo deklarasyon avèk entansyon ou, nou kapab sispann benefis ou yo. Pou premye vyolasyon an, n ap sispann benefis ou yo pandan sis (6) mwa; pou dezyèm vyolasyon an, n ap sispann benefis ou yo pandan 12 mwa, epi pou twazyèm vyolasyon an, n ap sispann benefis ou yo pandan 24 mwa.*

Ou kapab rele nou, ekri nou oswa vin kote nou pou rapòte yon chanjman. Ou dwe genyen nimewo reklamasyon ou nan men ou. Si w ap resevwa benefis yo dapre travay ou, nimewo reklamasyon

ou se menm ak nimewo Sekirite Sosyal ou. Si w ap resevwa benefis sou dosye travay yon lòt moun, nimewo reklamasyon ou ap parèt sou nenpòt lèt nou voye ba ou konsènan benefis yo.

Lè w bay enfòmasyon ou bay nan yon lòt biwo gouvènman, biwo a kapab bay Sekirite Sosyal enfòmasyon yo, men ou dwe rapòte chanjman yo ban nou tou.

## **Si w estime chanjman nan salè ou**

Si w ap travay, anjeneral nou mande w pou estime salè ou pou ane a. Si, pandan ane a, salè ou vin pi wo oswa pi ba pase sa w te estime a, fè nou konnen sa a san pèdi tan pou nou ka ajiste benefis ou. Al gade “Travay epi Resevwa Sekirite Sosyal anmenmtan” nan paj 13-14 pou ede fè estimasyon ki egzat.

## **Si w demenaje**

Lè w ap planifye pou demenaje, fè nou konnen nouvo adrès ou ak nimewo telefòn ou imedyatman ou vin konnen yo. Menm si w ap resevwa benefis ou sou fòm depo dirèk, Sekirite Sosyal dwe jwenn adrès kòrèk ou pou nou kapab voye lèt ak lòt enfòmasyon enpòtan ba ou. Benefis ou yo ap sispann si nou pa anmezi pou kontakte ou. Ou kapab chanje adrès ou sou ti wèb nou, [www.socialsecurity.gov/onlineservices](http://www.socialsecurity.gov/onlineservices). Oswa ou kapab rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** pou w itilize sistèm otomatik nou.

Si nenpòt manm nan fanmi ou k ap resevwa benefis yo ta demenaje avèk ou, tanpri fè nou konnen non yo. Pa bliye ranpli yon fòm chanjman adrès nan biwo lapòs ki toupre ou.

## **Si w chanje kont pou depo dirèk la**

Si w chanje enstitisyon finansye oswa si w louvri yon nouvo kont, ou kapab chanje depo dirèk ou sou entènèt si w genyen yon nimewo idantifikasyon pèsonèl oswa yon modpas. Oswa, nou kapab chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou nan telefòn apre nou fin verifye idantite ou. Ou dwe gen nouvo ak ansyen nimewo kont labank ou nan men ou lè w rele nou. Y ap enprime yo sou chèk pèsonèl ou yo oswa sou etadkont ou. Sa pran apeprè 30-60 jou pou chanje enfòmasyon sa yo. Pa fèmen ansyen kont ou touttan ou pa fin asire depo benefis Sekirite Sosyal ou fèt nan nouvo kont ou.

## Si yon moun pa anmezi pou jere lajan

Pafwa yon moun pa anmezi pou jere pwòp lajan li. Si sa ta rive, yon moun ta dwe fè nou konnen sa. Nou kapab fè aranjman pou yon manm fanmi oswa yon lòt moun ki dakò pou itilize lajan an pou byennèt moun ki resevwa benefis yo. Nou rele moun sa a yon “reprizantan benefisyè.” Pou jwenn plis enfòmasyon, mande yon *A Guide For Representative Payees* (Piblikasyon nimewo 05-10076).

**REMAK:** Moun ki gen “pwokirasyon” pou yon moun pa kalifye otomatikman pou vin yon reprizantan benefisyè.

## Si w pran pansyon nan travay ki pa gen pwoteksyon Sekirite Sosyal

Si w kòmanse resevwa lajan pansyon nan yon travay ki pa t peye taks Sekirite Sosyal—pa egzanp, nan Sistèm Pansyon Sèvis Sivil federal oswa kèk sistèm leta oswa sistèm pansyon lokal—li kapab nesesè pou nou rekalkile benefis Sekirite Sosyal ou, epi benefis yo kapab diminye. Epitou, fè nou konnen si kantite lajan pansyon ou chanje.

## Si ou marye, separe oswa divòse

Si w marye oswa divòse, benefis Sekirite Sosyal ou kapab afekte, selon kalite benefis w ap resevwa.

Si benefis ou yo sispann akòz maryaj oswa remaryaj, ou kapab rekòmanse resevwa benefis yo si maryaj la sispann.

Tablo swiv a genyen ladan kèk egzanp.

Si w ap resevwa:	Kidonk:
Benefis pou retrèt ou	Benefis ou yo ap kontinye
Benefis mari oswa madanm	Benefis ou yo ap kontinye si w divòse epi si w gen laj 62 zan oswa plis sof si ou te marye pou mwens pase 10 zan.
Benefis vèf oswa vèv	W ap kontinye resevwa benefis ou yo si w remarye lè w genyen laj 60 tan oswa plis.
Nenpòt lòt kalite benefis	Anjeneral, benefis ou yo ap sispann lè w marye. Ou kapab rekòmanse resevwa benefis yo si maryaj la sispann.

## **Si ou chanje non ou;**

Si ou chanje non—nan maryaj, divòs oswa desizyon tribinal—ou dwe fè nou konnen sa touswit. Si w pa ban nou enfòmasyon sa yo, benefis ou yo ap prezante sou ansyen non ou epi, si w genyen depo dirèk, peman yo kapab pa rive nan kont ou. Si w ap resevwa chèk, ou kapab pa anmezi pou chanje chèk yo si idantifikasyon ou pa menm ak non ki sou chèk ou.

## **Si w ap resevwa benefis yo paske ou w ap pran swen yon timoun**

Si w ap resevwa benefis yo paske w ap pran swen yon timoun ki poko gen laj 16 zan oswa ki enfim, ou ta dwe fè nou konnen sa touswit si w p ap pran swen timoun lan ankò oswa si w chanje adrès. Ban nou non ak adrès moun k ap viv avèk timoun lan. Yon separasyon pou yon ti tan pa kapab afekte benefis ou si w kontinye egzèse kontwòl paran sou timoun lan, men benefis ou yo ap sispann si w pa gen responsablite pou timoun lan ankò. Si w retounen ap pran swen timoun lan, nou kapab kòmanse voye benefis ou yo ba ou ankò.

Benefis ou yo ap sispann lè timoun selibatè w ap bay swen an rive nan laj 16 zan sof si timoun lan enfim. Benefis pitit ou kapab kontinye jan sa eksplike nan paj 17-18.

## **Si yon moun adopte yon timoun k ap resevwa benefis**

Lè yon moun adopte yon timoun k ap resevwa benefis, fè nou konnen nouvo non timoun lan, dat dekrè adopsyon an, epi non ak adrès nouvo paran ki adopte timoun lan. Adopsyon an p ap lakòz benefis ou sispann.

## **Si w vin yon paran apre w kòmanse resevwa benefis yo**

Si ou vin paran yon timoun (avèk yon timoun ki adopte tou) apre ou kòmanse resevwa benefis yo, fè nou konnen enfòmasyon sou timoun nan pou nou ka deside si timoun nan elijib pou benefis yo.

## **Si w genyen yon manda ki poko egzekite pou arestasyon ou**

Ou dwe fè nou konnen si w genyen yon manda-darè ki poko egzekite pou:

- Yon krim ki se yon feloni dapre lalwa eta kote w ap viv la; oswa
- Yon krim lalwa bay santans lanmò oswa anprizònman pandan plis pase yon lane nan eta ki pa klase krim kòm feloni.

Ou pa kapab resevwa benefis Sekirite Sosyal pandan mwa ou gen yon manda-darè ki poko egzekite pou yon krim ki se yon feloni (oswa on krim lalwa bay santans lanmò oswa anprizònman pandan plis pase yon lane).

## **Si w kondane pou yon zak kriminèl**

Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal epi yon kondane pou yon krim, ou ta dwe fè Sekirite Sosyal konnen sa imedyatman. Anjeneral, nou pa peye benefis yo pandan mwa yon moun nan prizon, men nenpòt manm fanmi ki kalifye kapab kontinye resevwa benefis yo.

## **Si w fè yon krim epi ou nan prizon**

Anjeneral, nou pa peye benefis yo pou moun ki fè yon krim epi ki nan prizon sou desizyon tribinal epitou ki depannde depans leta. Sa aplike si yo jwenn moun lan:

- Pa koupab dapre rezon foli oswa faktè sanblab (tankou maladi mantal, twoub mantal oswa enkonpetans mantal); oswa
- Enkonpetan pou ale nan pwosè.

## **Si w vyole yon kondisyon libète kondisyonèl oswa pwobasyon**

Ou dwe fè nou konnen si w vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl ki enpoze anba lalwa federal oswa lalwa leta. Ou pa kapab resevwa benefis Sekirite Sosyal pou okenn mwa ou vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl.

## Si w kite Etazini

Si ou se yon sitwayen ameriken, ou ka vwayaje oswa viv nan peyi etranje san afekte elijiblite ou pou benefis Sekirite Sosyal ou. Men, genyen kèk peyi kote nou pa kapab voye peman benefis Sekirite Sosyal ou. Peyi sa yo se Kanbòdj, Kiba, Kore-di-Nò, Vyetnam ak zòn ki te nan ansyen Inyon Sovyetik (sof Ameni, Estoni, Letoni, Lityani ak Larisi). Men, genyen eksepsyon ki kapab fèt pou sèten benefisyè ki kalifye nan peyi yo sof Kiba ak Kore-di-Nò. Pou jwenn plis enfòmasyon sou eksepsyon sa yo, kontakte biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou.

Fè nou konnen si w planifye pou ale deyò Etazini pou yon vwayaj ki dire 30 jou oswa plis. Fè nou konnen non peyi a oswa peyi yo ou planifye pou vizite ak dat ou prevwa w ap kite Etazini. N ap voye enstwiksyon espesyal ba ou sou fason pou fè rapò epi pou fè nou konnen kouman pou fè aranjman pou benefis ou yo pandan ou pa nan peyi a. Pa bliye fè nou konnen lè w ap retounen Ozetazini.

Si ou se yon sitwayen epi ou retounen vin viv Ozetazini, ou dwe bay dokiman ki pwouve ou ap yon sitwayen ameriken pou w kapab kontinye resevwa benefis yo. Si w ap travay deyò Etazini, gen règ diferan ki aplike pou nou detèmine si w ka resevwa benefis.

Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Your Payments While You Are Outside The United States* (Piblikasyon nimewo 05-10137).

## Si kondisyon sitwayènte ou chanje

Si w pa yon sitwayen ameriken, fè nou konnen si w vin yon sitwayen ameriken oswa chanjman sou kondisyon ki endike ou pa yon sitwayen ameriken. Si kondisyon imigrasyon ou ekspire, ou dwe ban nou nouvo prèv ki montre ou kontinye ap viv legalman Ozetazini.

## Si yon benefisyè ta mouri

Fè nou konnen si yon moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ta mouri. Benefis yo pa peyab pou mwa moun lan mouri a. Sa vle di pa egzanp si moun lan te mouri nenpòt lè nan mwa Jiyè, ou dwe retounen chèk ou resevwa nan mwa Out la (ki reprezante peman pou mwa Jiyè). Si peman an fèt sou fòm depo dirèk,

ou dwe fè enstityon finansye a konnen lanmò moun lan tou imedyatman pou li kapab retounen nenpòt peman ou te resevwa apre lanmò a.

Manm fanmi yo kapab kalifye pou benefis sivivan Sekirite Sosyal lè yon moun k ap resevwa benefis yo mouri.

## **Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ak benefis pou Retrèt nan Vwa Fere**

Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ak benefis Retrèt nan Vwa Fere alafwa dapre travay mari oswa madanm ou epi mari oswa madanm ou ta mouri, ou dwe fè nou konnen sa imedyatman. Ou p ap kalifye ankò pou resevwa toulède benefis yo. N ap fè w konnen ki benefis sivivan w ap resevwa.

### **Travay epi resevwa Sekirite Sosyal anmenmtan**

#### **Kouman salè ou afekte benefis ou yo**

Ou kapab kontinye travay epi ou toujou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal pou retrèt. Salè ou nan (oswa apre) mwa ou gen laj konplè pou pran retrèt la p ap diminye benefis Sekirite Sosyal ou. Men tou, benefis ou ap diminye si salè ou depase sèten limit pou mwa anvan ou gen laj konplè pou pran retrèt la. (Laj konplè pou pran retrèt se 66 pou moun ki fèt an 1943-1954 epi laj la ap ogmante ofi-amezi a 67 tan pou moun ki fèt an 1960 oswa apre 1960.)

- Si w poko gen laj konplè pou pran retrèt ou, n ap dedui \$1 nan benefis ou sou chak \$2 nan salè ou genyen ki depase limit anyèl la (\$14,160 an 2009).
- Nan ane ou rive nan laj konplè pou pran retrèt ou, n ap retire \$1 sou chak \$3 ou touche sou yon limit anyèl (\$37,680 an 2009) diferan jouk mwa ou vin gen laj konplè pou pran retrèt la. Answit, w ap resevwa tout peman benefis Sekirite Sosyal ou, kèlkeswa kantite lajan w ap touche.

Si w poko gen laj konplè pou pran retrèt ou epi kèk nan benefis ou vin difere paske peman benefis Sekirite Sosyal ou pi plis pase \$14,160, genyen kèk bòn nouvèl pou ou. Lè w rive nan laj konplè pou pran retrèt ou, benefis ou yo ap ogmante pou ajoute mwa ou pa t resevwa benefis oswa pou ajoute mwa benefis ou yo te diminye.

Epitou, nenpòt lajan ou touche apre w fin enskri non pou Sekirite Sosyal kapab ogmante mwayèn jeneral salè ou, epitou benefis ou kapab ogmante pètèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Kòman Travay Ou Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon nimewo 05-10069-HC).

## **Yon règleman espesyal pa mwa**

Kèk moun ki pran retrèt nan mitan ane a deja touche plis pase limit salè anyèl la. Se rezon sa a ki fè genyen yon règleman espesyal pa mwa ki aplike sou salè pou yon ane, anjeneral nan premye ane retrèt la. Dapre règleman sa, ou kapab resevwa tout benefis Sekirite Sosyal pou nenpòt mwa ou touche lajan ki anba yon sèten limit, kèlkeswa kantite lajan ou touche pou ane a.

An 2009, si yon moun poko gen laj konplè pou pran retrèt (laj 66 pou moun ki fèt an 1943-1954) epi moun sa a ap touche \$1,180 oswa mwens pa mwa, moun sa a konsidere kòm yon moun ki retirete. Pa egzanp, John Smith pran retrèt li nan laj 62 zan nan dat 30 out 2009. L ap touche \$45,000 jiska mwa out la. Li pran yon djòb atan-pasyèl ki kòmanse an Septanm pou \$500 pa mwa. Menm si salè li pou ane a depase limit 2009 lan (\$14,160), l ap resevwa yon peman Sekirite Sosyal pou mwa Septanm lan jouk nan mwa Desanm. Se paske salè li nan mwa sa yo pi piti pase \$1,180 ki reprezante limit espesyal pa mwa “premye ane retrèt la” pou moun ki poko gen laj konplè pou pran retrèt. Si Msye Smith touche plis pase \$1,180 pou nenpòt nan mwa sa yo (Septanm jouk Desanm), li p ap resevwa yon benefis pou mwa a.

Apati ane 2010, se sèlman limit anyèl yo k ap aplike pou li paske li depase premye ane retrèt li eli li deja itilize règleman espesyal pa mwa a pandan ane a.

Si w se yon travayè endepandan, limit pa mwa a baze sou si ou fè sèvis enpòtan nan biznis ou. Anjeneral, si w travay pandan plis pase 45 èdtan pa mwa nan travay endepandan ou, ou p ap anmezi pou resevwa benefis yo pou mwa a.

Pou jwenn enfòmasyon detaye sou si travay ou enpòtan, mande *Lè Ou Pran Retrèt Nan Pwòp Biznis Ou: Sa Ou Bezwen Konnen* (Piblikasyon nimewo 05-10038-HC).

## Si w te travay pou salè

Salè a konte nan limit salè lè w reyalize li, pa lè w touche li. Si w gen revni ou reyalize nan yon ane, men peman an te fèt nan ane annapre a, li p ap konte kòm revni pou ane ou resevwa li a. Kèk egzanp revni difere gen ladan peman akimile pou konje maladi oswa pou vakans, bonis, opsyon acha aksyon ak lòt konpansasyon difere. Si w resevwa peman salè nan yon ane pou travay ou te fè ane anvan, ou ta dwe kontakte nou.

Nou fè aranjman avèk Sèvis Internal Revenue pou fè travay yo rapòte kèk kalite konpansasyon difere dirèkteman sou Fòm W-2. Kantite lajan sa yo parèt sou yon kaz ki gen tit, “Nonqualified Plan” (Plan pou moun ki pa kalifye). N ap retire kantite ki parèt nan kaz la nan salè total ou pou detèmine ki salè pou nou konte pou ane a.

## Si ou se yon travayè endepandan

Si w se yon travayè endepandan, revni an konte lè ou resevwa li—pa lè ou reyalize li—sof ou resevwa peman pou li yon ane apre ou vin gen dwa pou resevwa benefis Sekirite Sosyal epi si ou te reyalize li anvan ou te vin gen dwa pou benefis yo. Pa egzanp, si w te kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal an Jwen 2008 epi ou resevwa lajan an Fevriye 2009 pou travay ou te fè anvan Jen 2008, sa p ap konte nan limit salè 2009 ou. Men, si lajan ou resevwa an Fevriye 2009 la se te pou travay ou te fè apre Jwen 2008, sa ap konte nan limit salè 2009 ou.

## Rapòtaj salè ou

Paske salè ou kapab afekte benefis Sekirite Sosyal ou, nou bezwen konnen konbyen lajan ou touche pandan ane a. Anjeneral, nou jwenn enfòmasyon sa yo nan:

- Salè travay ou rapòte sou Fòm W-2 ou; ak
- Salè travay endepandan ou ki rapòte sou fòm taks ou.

Ou dwe rapòte salè ou ban nou apre fen ane a sèlman si:

—Ou kalifye pou règleman spesyal pa mwa (al gade paj 14) epi si ou te touche mwens pase limit pa mwa a (si se sa, fè nou konnen pou nou kapab peye ou benefis yo pou mwa a);

- Kèk nan salè oswa tout salè ki parèt sou Fòm W-2 ou te touche nan ane ou rapòte a;
- Salè ou te depase limit la epi ou potko gen yon pèt nè nan travay endepandan ou;
- Fòm W-2 ou montre salè travay ou rapòte epi pou w ajoute sou fòm taks travay endepandan (minis, pa egzanp);
- Ou te ranpli fòm taks travay endepandan ou, men ou pa t fè okenn sèvis nan biznis ou oswa ou ranpli fòm taks ou chak ane fiskal;
- Ou se yon kiltivatè epi ou resevwa peman pwogram agrikòl federal oswa ou gen revni nan rekòlt; oswa
- Nou te kenbe kèk benefis, men ou pa t gen salè pou ane a oswa salè ou te pi piti pase sa ou te deklare ban nou a.

Si nou dwe ajiste kantite lajan benefis ou, dapre rapò ou, n ap fè w konnen sa. Li enpòtan pou ou revize enfòmasyon yo. Apeprè nan mitan ane a, n ap voye ba ou yon lèt pou nou mande w pou estime salè w ap touche a ak salè ou pral touche ane pwochèn. Estimasyon ou yo ap ede nou evite peye ou twòp lajan oswa twò piti lajan nan benefis ou yo.

**REMAK:** *Si w ap resevwa peman Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) tou anplis benefis Sekirite Sosyal ou, ou dwe rapòte tout lajan w ap touche ba Sekirite Sosyal.*

## Estimasyon salè ou ak benefis ou

Nou te ajiste benefis ou ane sa a dapre salè ou te deklare ban nou paske ou te espere ou t ap resevwa ane sa a.

Si lòt man fanmi ou ap resevwa benefis yo dapre travay ou, salè ou kapab afekte benefis total fanmi an. Men, si w ap resevwa benefis yo antan yon manm fanmi, salè ou ap afekte benefis ou yo sèlman.

## Revizyon estimasyon ou

Lè w ap travay, ou ta dwe sere souch chèk ou yo. Nenpòt lè pandan ane a, si w ta remake salè ou ap pa menm ak sa ou te estime a, ou ta dwe rele nou pou revize estimasyon an. Sa ap ede nou kite kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou kòrèk.

### Benefis pou retrèt pou moun ki vèf ak vèf

Ou kapab chanje benefis retrèt ou dapre pwòp travay ou si benefis yo pi plis pase sa w ap resevwa a dapre travay mari oswa madanm ou ki mouri. Benefis sa yo kapab pi plis pase lè w vin gen laj 62 zan oswa pètèt nan fen laj 70 zan ou. Règ yo konplike epi yo chanje dapre sitiyasyon ou. Si w pa pale avèk yon anplwaye Sekirite Sosyal konsènan benefis retrèt ou (oswa sikonstans yo chanje), kontakte biwo Sekirite Sosyal zòn ou pou diskite sou chwa ki disponib pou ou.

### Benefis pou timoun

Si yon timoun ap resevwa benefis dapre travay ou, genyen enfòmasyon enpòtan ou ta dwe konnen sou benefis li yo:

- **Lè yon timoun vin gen laj 18 tan**
  - Benefis yon timoun ap sispann nan mwa anvan timoun lan vin gen laj 18 tan, sof si timoun lan swa enfim oswa si li se yon elèv atanplen nan lekòl primè oswa nan lekòl segondè.
  - Apeprè senk (5) mwa anvan timoun lan vin genyen laj 18 tan, moun k ap resevwa benefis timoun lan ap resevwa yon fòm ki eksplike fason benefis yo kapab kontinye.
  - Yon timoun ki genyen benefis li sispann lè li vin gen laj 18 tan kapab jwenn benefis yo ankò si li vin enfim anvan li vin genyen laj 22 zan oswa si li vin yon elèv atanplen nan lekòl primè oswa nan lekòl segondè anvan li vin genyen laj 19 ane.
- **Si yon timoun enfim**
  - Yon timoun kapab kontinye resevwa benefis li yo apre li vin genyen laj 18 tan si li genyen yon enfimite. Timoun lan kapab kalifye tou pou li resevwa peman enfimite SSI. Rele nou pou jwenn plis enfòmasyon.
- **Si yon timoun 18 tan se yon elèv**
  - Yon timoun kapab resevwa benefis yo pou jouk li vin genyen laj 19 ane si li kontinye al lekòl atanplen nan yon lekòl primè oswa nan yon lekòl segondè. Lè pitit ou vin gen laj 19 ane pandan yon trimès lekòl, benefis li yo kapab kontinye pou jouk li fini trimès la, oswa pandan de (2) mwa ki vini apre lè li vin genyen laj 19 ane a, kèlkeswa sa ki vini anvan.

- Ou ta dwe fè Sekirite Sosyal konnen imedyatman si elèv la abandone lekòl, si li ale lekòl atan pasyèl alaplas atanplèn an, se yo mete li deyò oswa si yo sispann lekòl la oswa si li chanje lekòl. Ou ta dwe fè nou konnen tou si elèv la resevwa peman travay li pou li ale lekòl.
- Nou voye yon fòm ba chak elèv nan kòmansman ak nan fen ane akademik lan. Li enpòtan pou w ranpli fòm lan epi pou retounen li ban nou. Benefis yo kapab sispann si nou pa resevwa fòm lan.
- Yon elèv kapab kontinye ap resevwa benefis yo pandan yon peryòd vakans kat (4) mwa oswa mwens si li planifye pou retounen lekòl atanplèn nan fen vakans lan.
- Anjeneral, yon elèv ki sispann ale lekòl kapab resevwa benefis yo ankò si li retounen lekòl atanplèn anvan li vin genyen laj 19 ane. Elèv la dwe kontakte nou pou li kapab re-aplike pou benefis yo.
- **Kouman divòs afekte benefis yon bofis oswa bèlfi**
  - Si yon bofis oswa bèlfi ap resevwa benefis yo dapre travay ou ak divòs ou menm ak paran timoun lan, benefis bofis oswa bèlfi a ap sispann nan mwa ki vini apre divòs la vin final. Ou dwe fè nou konnen imedyatman lè divòs la vin final.

## Èske ou kapab resevwa SSI?

Si w pa t genyen anpil revni ak resous, SSI kapab anmezi pou ede ou. SSI se yon pwogram federal n ap dirije. SSI jwenn finansman nan revni jeneral yo, pa nan taks Sekirite Sosyal yo.

SSI fè peman pa mwa pou moun ki genyen laj 65 kan oswa plis oswa pou moun ki avèg oswa enfim. Si w ap resevwa SSI, ou kapab resevwa lòt benefis tou, tankou Medicaid, kupon pou manje (food stamps) ak lòt sèvis sosyal.

Nou p ap konsidere kèk nan revni ou ak kèk nan resous ou lè n ap deside si ou kalifye pou resevwa peman SSI. Anjeneral, kay ou ak oto ou, pa egzanp, pa konsidere kòm resous. Rele nou pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike pou SSI.

## **Yon mesaj sou kupon pou manje (food stamps)**

Ou kapab resevwa yon aplikasyon pou kupon pou manje ak enfòmasyon nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo gratis nou mande *Food Stamps And Other Nutrition Programs* (Piblikasyon nimewo 05-10100) oswa *Enfòmasyon Sou Koupon Pou Manje* (Piblikasyon nimewo 05-10101-HC).

## **Si w pa dakò avèk desizyon nou pran**

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan kantite lajan peman oswa konsènan enfòmasyon nou voye ba ou, kontakte nou.

Si w pa dakò avèk yon desizyon nou pran, ou gen dwa pou mande pou nou re-konsidere desizyon an. Ou dwe fè demann ou alekri epi ou dwe soumèt demann lan nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal anvan 60 jou ki vini apre dat ou resevwa lèt ou doute a.

Si w toujou pa satisfè, genyen lòt mezi ou kapab pran. Mande *Your Right To Question The Decision Made On Your Claim* (Piblikasyon nimewo 05-10058).

## **Dwa ou genyen pou jwenn reprezantasyon**

Ou gen dwa pou gen reprezantasyon yon avoka oswa yon lòt moun ki kalifye ou chwazi. Sa pa vle di ou oblije jwenn yon avoka oswa yon lòt reprezantan, men n ap kontan travay avèk ou si w vle sa.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon reprezantan, mande *Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan* (Piblikasyon nimewo 05-10075-HC).

## **Pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl ou**

Ou ta dwe konsève kat Sekirite Sosyal ou yon kote ki pwoteje avèk lòt dokiman enpòtan ou. Pa mache avèk li sou ou si ou pa bezwen montre li nan yon travay oswa yon founisè sèvis.

Sekirite Sosyal konsève enfòmasyon pèsònèl ak konfidansyèl—non, nimewo Sekirite Sosyal, dosye salè, laj ak adrès benefisyè y—pou anpil milyon moun. Anjeneral, n ap diskite enfòmasyon ou avèk ou menm sèlman. Lè w rele oswa lè w vin nan biwo nou, n ap poze plizyè kesyon pou ede nou verifye idantite ou. Si w vle yon lòt moun ede ou avèk biznis Sekirite Sosyal ou, n ap bezwen pèmision ou pou diskite sou enfòmasyon ou avèk moun lan.

Nou ankouraje ou pou w pran prekosyon ou avèk nimewo Sekirite Sosyal ou epi pou pwoteje enfòmasyon prive ou kèlkeswa sa posib.

Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon prive ki nan dosye ou. Lè lalwa egzije pou nou bay enfòmasyon yo ba lòt biwo gouvènman ki administre pwogram medikal oswa pwogram byennèt, tankou Medicaid ak kupon pou manje (food stamps), biwo sa yo pa gen otorizasyon pou bay okenn lòt moun enfòmasyon yo.

## Yon ti mo sou Medicare.

Medicare se yon plan nasyonal pou asirans maladi pou moun ki 65 kan oswa plis. Moun ki enfim, oswa ki gen ensifizans renal pèmanan oswa ki genyen esklewoz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig) kapab resevwa Medicare nan nenpòt laj.

### Medicare gen kat (4) pati

- Asirans pou lopital (Pati A) ki ede peye pou swen pasyan ki entèn lopital ak sèten sèvis suivi; epi
- Asirans medikal (Pati B) ki ede peye pou sèvis doktè, swen pasyan ki pa entèn lopital ak lòt sèvis medikal.
- W ap jwenn Plan Medicare Advantage (Pati C) nan plizyè zòn. Moun ki gen Pati Medicare A ak B kapab chwazi pou yo resevwa tout sèvis swen medikal yo atravè òganizasyon yon founisè swen medikal anba Pati C.
- Garanti medikaman doktè preskri (Pati D) ki ede pou medikaman doktè yo preskri pou tretman medikal.

### Ki moun ki kalifye pou asirans lopital (Pati A)?

Pifò moun ap resevwa asirans pou lopital lè yo vin gen laj 65 kan. Ou kalifye pou sa otomatikman si w kalifye pou benefis Sekirite Sosyal oswa pou benefis Retrèt nan Vwa Fere. Oswa ou kapab kalifye dapre travay konjwen ou (avèk tou travay mari oswa madanm ou ki divòse). Lòt moun kalifye paske yo se anplwaye gouvènman ki pa gen pwoteksyon Sekirite Sosyal epi ki peye taks Medicare.

Si w resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite pandan 24 mwa, w ap kalifye pou asirans lopital.

Si w ap resevwa benefis pou enfimite paske ou gen esklewoz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig), ou pa gen pou rete tann 24 mwa pou kalifye.

Epitou, moun ki genyen ensifizans renal pèmanan ki mande dyaliz antretyen oswa yon ranplasman ren kalifye pou asirans lopital si yo travay lontan ase oswa si yo se mari oswa madanm oswa pitit ou yon moun ki te travay lontan ase.

## **Ki moun ki kapab resevwa asirans medikal (Pati B)?**

Prèske tout moun ki kalifye pou asirans lopital kapab enskri pou asirans medikal. Pati B a se yon pwogram ochwa. Li pa gratis. An 2009, prim estanda pa mwa se \$96.40. Kèk moun ki touche anpil lajan ap peye pi gwo prim.

## **Ki moun ki kapab resevwa plan Medicare Advantage (Pati C)?**

Nenpòt moun ki gen asirans Medicare pou lopital (Pati A) ak asirans medikal (Pati B) kapab antre nan plan Medicare Advantage. Plan Medicare Advantage gen ladan:

- Plan swen kontwole Medicare;
- Plan òganizasyon founisè prefere (PPO) Medicare;
- Plan frè pou sèvis prive Medicare; ak
- Plan espesyalite Medicare.

Ou kapab gen pou peye yon prim chak mwa akòz benefis siplemantè plan Medicare Advantage ofri.

## **Kimoun ki kapab resevwa garanti Medicare pou medikaman doktè preskri (Pati D)?**

Nenpòt moun ki genyen asirans Medicare pou lopital (Pati A) oswa asirans medikal (Pati B) oswa yon plan Medicare Advantage (Pati C) kalifye pou garanti Medicare pou medikaman doktè preskri. volontè, epi w ap peye yon prim adisyonèl chak mwa pou garanti a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte nou epi mande *Medicare* (Piblikasyon nimewo 05-10043-HC).

## Èd avèk depans Medicare pou moun ki p ap touche anpil lajan

Si w p ap touche anpil lajan epi ou pa gen anpil resous, eta kote w ap viv la kapab peye prim Medicare ou yo epi, nan kèk ka, lòt depans medikal “sipleman tè” yo, tankou franchiz ak ko-asirans.

Se sèlman eta kote w ap viv la ki ka deside si ou kalifye pou resevwa èd nan pwogram sa yo. Si w panse ou ranpli kondisyon, kontakte biwo eta kote w ap viv la oswa biwo asistans medikal lokal (Medicaid) biwo sèvis sosyal oswa biwo asistans sosyal. Ou kapab resevwa plis enfòmasyon sou pwogram sa a nan bibliyasyon, *If you need help paying Medicare costs, there are programs that can help you save money* (Si ou bezwen èd pou peye pri Medicare, gen pwogram ki ka ede ou ekonomize lajan, Publication No. CMS-10126.) Pou jwenn yon kopi, rele Medicare gratis nan nimewo **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Si ou soud oswa mal pou tande, ou kapab rele nimewo TTY nou, **1-877-486-2048**.

## “èd sipleman tè” pou frè preskripsyon Medicare

Si w pa gen anpil revni ak resous, ou kapab kalifye pou resevwa èd sipleman tè pou peye pou medikaman doktè preskri ou dapre Pati D Medicare. Wòl Sekirite Sosyal se pou ede w konprann fason ou kapab kalifye ak fason pou trete aplikasyon ou pou jwenn èd sipleman tè a. Pou verifye si w kalifye oswa pou aplike, rele Sekirite Sosyal nan nimewo gratis la oswa ale sou sit wèb li.

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10077-HC  
What You Need To Know When You Get Retirement  
Or Survivors Benefits (Haitian-Creole)  
January 2009